



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU OGMANTE AKSÈ AK PAK ETA A
YO AK SIPÒTE ENDISTRI TOURIS LA**

*Lejislasyon S.5423/A.4853 entèdi itilizasyon kat kredi obligatwa kòm mwayen
peman nan Pak Eta a yo, etablisman lwazi ak sit istorik yo*

*Lejislasyon S.9250/A.10333 pwolonje egzonerasyon pou moto maren pèsònèl
nan egzijans sekirite bato a*

*Fè pati kanpay ete Gouvènè Hochul la pou ede timoun ak fanmi yo pou yo
"Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò"*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou ogmante aksè ak Pak Eta a yo, enstalasyon lwazi ak sit istorik yo, epi sipòte endistri touris la nan New York. S.5423/A.4853 pral ogmante aksè ak sit Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la lè li entèdi itilizasyon kat kredi kòm mwayen peman pou itilizasyon etablisman li yo. Gouvènè Hochul te siyen tou S.9250/A.10333 pou pwolonje otorizasyon pou sèten operatè moto maren pèsònèl ke yo lwe pou yo egzonere sètifika sekirite bato a, ki pral sipòte biznis touris ki lwe veyikil sa yo bay moun k ap pran vakans sou bòdmè New York yo. Siyati pwojè lwa jodi a yo fè pati kanpay ete "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" (Get Offline, Get Outside) Gouvènè Kathy Hochul la pou ankouraje sante fizik ak mantal lè li ede timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti repo nan rezo sosyal yo, epi jwi rekreyasyon ak rasanbleman sosyal deyò.

"Pak Eta nou yo se yon motè enpòtan dèyè ekonomi eta nou an, e administrasyon mwen an pran angajman pou asire tout moun gen aksè ak bèl sit nou yo ak pou ranfòse endistri touris la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak lejislasyon sa yo pral asire Nouyòkè yo ak vizitè nou yo ka wè ak eksperimante tout sa New York gen pou ofri."

Anpil Nouyòkè, tankou granmoun aje, moun ki pa gen sèvis bankè oswa ki pa gen ase sèvis bankè, minè, ak lòt moun sèlman itilize lajan kach. Pandan ke kat kredi ofri komodite, se pa tout moun ki gen aksè ak yo. Lejislasyon S.5423/A.4853 retire potansyèl baryè sa a, pou asire aksè egal nan pak Eta New York yo, sit istorik, ak enstalasyon lwazi nou tout ancheri. Lè nou toujou aksepte lajan kach nan etablisman eta sa yo, New York pral kontinye sipòte jwisans enklizif trezò eta nou an.

Senatè Eta Monica R. Martinez te deklare, "Pak nou yo ak sit istorik nou yo souvan se kè selebrasyon kominotè yo ak yon enterè kolektif nan bèl peyizaj, bèt sovaj ak istwa eta nou an. Kòm sipòtè pwojè lwa sa a, mwen kwè se yon mezi bon sans pou asire ke tout rezidan yo, sitou sila yo ki sèvi prensipalman ak lajan kach, yo jwenn aksè ekitab. Yo pa ta dwe refize pèsonn opòtinite pou jwi sit ki gen anpil valè sa yo dapre metòd peman yo."

Senatè Eta a, Dean Murray te deklare, "New York se vrèman youn nan kote ki pi divès ak bèl nan mond lan ki gen anpil bagay pou wè ak anpil bagay pou fè, se poutèt sa nou gen yon endistri touris solid konsa. Nenpòt bagay ki limite aksè nan pak eta estrawòdinè nou yo se yon mouvman nan move direksyon an. Se poutèt sa mwen te fyè dèske m patwone pwojè lwa S.5423 Sena a, ki entèdi itilize kat kredi pou peye nan pak eta yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak sipòtè a, paske yo te fè pwojè lwa sa a avanse pou pi devan epi siyen li an lwa."

Senatè Eta a, Mario R. Mattera, te deklare, "Chak rezidan ak vizitè New York ta dwe gen kapasite pou yo sèvi ak enstalasyon lwazi eta yo yon fason lib kèlkeswa fason y ap peye. Nenpòt manda okontrè enjis pou moun ki swa chwazi oswa ki pa kapab sèvi ak kat kredi epi lwa sa a pral asire ke pa gen okenn baryè pou nenpòt nan moun nou yo. Sa pral asire aksè egal pou tout moun."

Prezidan Adjwen Asanble Eta a Phil Ramos, te deklare, "Mwen fyè pou m kontinye jwenn fason pou kraze divizyon dijital la pou asire tout moun gen aksè egal ak anpil opòtinite New York gen pou ofri. Retire limit tankou obligasyon kat kredi nan Pak Eta New York pral ofri plizyè opsyon pou tout Nouyòkè yo, pou asire ke plis fanmi ka jwi destinasyon enkwayab nou yo san baryè. Mwen remèsye gouvènè a pou patenarya kontinyèl li nan asire nou jwenn plis fason pou sipòte endistri touris enpòtan nou an."

Lejislasyon S.9250/A.10333 pwolonje egzonerasyon pou kèk moto maren pèsònèl nan egzijans sekirite bato a. Pwolonje egzonerasyon sa a anpeche konsekans prejidis sou endistri touris ki lwe veyikil sa yo bay moun k ap pran vakans nan zòn bò litoral ki enpòtan nan New York la.

Senatè Eta Jose M. Serrano te deklare, "New York se kote ki gen bèl lak, plaj, ak fwon oseyan ki atire touris ki soti nan tout peyi a. Endistri touris sa a bay travay epi li se yon motè ekonomik enpòtan pou kominote lokal yo. Mwen kontan sipòte endistri touris lokal la ak lejislasyon enpòtan sa a epi remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li bay endistri touris la atravè eta a."

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Pèmèt moun yo lwe bato maren pèsònèl pa sèlman enpòtan pou biznis ki lwe yo, men tou pou endistri touris la. Lè yo pwolonje lejislasyon sa a, plis moun pral kapab jwi deyò ak fanmi yo ak zanmi yo pandan y ap pwofite bèl peyizaj New York la. Sa a se sètènman yon nouvèl ki akeyan pou tout moun pandan n ap apwoche wikenn fèt la, ki se yon gwo moman kote moun soti ale sou dlo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)